и Iэщ1агъэмкIэ зэфIэкI ин зиIэхэм ящыщщ. Iэдэбщ икIи нэмысфIэщ. ЩIалъэ зэхуэдэ Юрэ инжинерэ гуакIуэщ. Ари и лэжьыгъэм хьэлэлу бгъэдэтщ, цIыху нэмысфIэщ, гъэсащ.

УмыгъэщIэгъэнкIэ Iэмал зимыIэ зы Iуэхугъуэ гуэр кьэхъуащ Нурхьэлий и лэжьыгъэм епхауэ. ИгъащIэ псом зытелэжьа адыгэбзэм и тхьБзэр щагъэлъапIэ махуэм техуащ абы и пIэкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым Нурхьэлий теуха щыIэгъу тхыгъэм хэту, псэуэхэм я гъусэу, тетащ абы и сурэтри. Абы кьыхэлэмэтщ икIи зыкъомкIэ нэщэнфIэу кьэлъытапхъэщ.

Цыху гуащIафIэ, цыхугъэр нэмыс инрэ зыхэлъа Къуэщ1ысокъуэ Нурхьэлий егъэджакIуэхэми, щIэныгъэм и лэжьакIуэхэми, ауэ кьызэрыгуэкI цыхуэмэ пщIэ хуащIу, фIыуэ яIыгъ щытащи, апхуэдэу я гупсысэ кьриныгъэ гъэсачу кIэщ. И лэжьэгъэхэм я щIэныгъэм щыщIэ, щыгъ

● Япэу тыдодзэ

# Зэшхэм куэд яхузэфIэкIырт

**Къэбэрдейм и тхыдэм щыщIэрыIуэщ Даутокъуэ зэшхэр - Заурбэч, Хьэжмурат, Хьэсэнбий сымэ. Ахэр Мэздэгу щыщ адыгэ унагьуэм къыщыхъуащ. Нэхъ щIэныIуэр я къуэш курыт Заурбэчщ. Ар 1886 гъэм Мэздэгу куейм хыхьэ Луковскэ жылагьуэм къыщалъхуащ, Япэ дунейпсо зауэм хэтащ, офицер хъуауэ. Зауэм щызэриухьа лIыгъэм папщIэ орден лъапIэ зыбжанэ къратащ. 1919 гъэм Царицын деж зауэ гуащIэм щыхэкIуэдащ. Дунейм ехыжа нэужь, генерал-лейтенант цIэр къыфIащауэ щытащ.**

**Хэку зауэм и зэманым полкитI хъу Къэбэрдей шуудзэ къызэригъэпэщащ, нужьым ар Къэбэрдей шу дивизэ хъуащ, абы шу полких хэтащ - зауэлI миниплI хуэдизэ.**

**УсакIуэу щытащ Заурбэчи абы и къуэш Хьэжмурати. Ар 1876 гъэм къалъхуащ, урысыпон зауэм хэтащ, абы щызэриухьа лIыгъэм папщIэ Владимир, Аннэ, Станислав орденхэр къыхуагъэфэщащ. Полковник Даутокъуэ Хьэжмурат 1921 гъэм Граждан зауэм хэкIуэдащ.**

**Даутокъуэ зэшхэм я нэхъыщIэр, Хьэсэнбий, 1915 гъэм зауэм хэкIуэдащ; къэбэрдей шуудзэм хэтащ.**

**Нобэ тыдодзэ Даутокъуэ Заурбэчрэ Хьэжмуратрэ я усэжэр.**

**Даутокъуэжэ: Хьэжмурат, Заурбэч, Хьэсэнбий.** *1914 гъэ.*

## Къэбэрдей

ДАУТОКЪУЭ Заурбэч

Солъагъур пщIыхьэпIэ,пщIыхьэпIэ шынагъуэ,
Си щIыфэр дэтхытхыу, къыстехьэу техьэгъуэ...
КIыфI Iувым къыхокIри, къыхохьэ си пщIыхьым
Алъп шу абрагъуи, къоувэ си пащхьэм.
Сышынэу соупщIыр: «Уэ хэтхэ уарей?»
Нэщхьейуэ къызоплъыр: «Сэращ Къэбэрдейр...»
ЙокIуэтыр си шынэр, Iэнкуныр сIэщIохуу:
Адыгэм къыпэплъэр си нэгу къыщIыхьэху,
Сегупсысыху адыгэпсэр щIэгъэзым,
И напэм, и щIыхьым, къыпэплъэ пщэдейм,
ЛъэмыкIыу, гуэдзэсу си гущIэм зехуэ.
СоупщIыр аргуэру: «Уэра Къэбэрдейр?
Кавказым и мэIуу иджыри къэсар,
Щхьэхуитy, мышынэу щIым тету есар?
Аргуэру нэщхьейуэ: «Сэращ Къэбэрдейр...»
- Уи гъащIэ нэхур, Къэбэрдей,
Уи лъагъуныгъэр, лъыщIэж джатэр,
ХабзэфI халъхэр пасэрейм,
Уи лIыгъэр дэнэкIэ щыхэтыр?
Уи уэрэдыжьхэр, уи нарт лIыгъэр,
Нэпс гуащIэу напIэр щIэзысыкIыр,
ЩIалэгъуэ хъыжьэм и Iэлыгъэр
ДебгъэдзэжакIэ хьэрэкъуакIэ?
Бэвыгъэр зи нэщэнэ хьэсэр,
Уи къуршыпс уэрхэу къыпхуэIэсэр,
Губгъуэпхуэм хуиту щикъухьа
ХакIуэщIэ куэдыр дэнэ пхьа?
Адыгэм къыддалъхуа зышыIэр,
къызэригъэпэщащ, нужьым ар Къэбэрдей шу дивизэ хъуащ, абы шу полких хэтащ - зауэлI миниплI хуэдизэ.

УсакIуэу щытащ Заурбэчи абы и къуэш Хьэжмурати. Ар 1876 гъэм къалъхуащ, урысыпон зауэм хэтащ, абы щызэриухьа лIыгъэм папщIэ Владимир, Аннэ, Станислав орденхэр къыхуагъэфэщащ. Полковник Даутокъуэ Хьэжмурат 1921 гъэм Граждан зауэм хэкIуэдащ.

Даутокъуэ зэшхэм я нэхъыщIэр, Хьэсэнбий, 1915 гъэм зауэм хэкIуэдащ; къэбэрдей шуудзэм хэтащ.

Нобэ тыдодзэ Даутокъуэ Заурбэчрэ Хьэжмуратрэ я усэжэр.

Пхэлъэ Iущыгъэр дэнэ щыIэ?
Къызэтена иджы ди хабзэр:
Нэхъыжьым, хьэщIэм хуэтщI нэмысыр?
Щыхэтыр дэнэ лIым и псалъэр,
Зэкъуэшныгъэ щапхъэ щалъэр,
ШыгъупIастэм и щIэр игъэиу,
Хъуэхъу дахэр щыIу адыгэ Iэнэр?
А псори мы дуней емынэм
Иужьыгуу, гум щыжеижа,
Уи фIащ мыхъужу уи къэкIуэнур,
Мы гъащIэм укъыхэнажа?
ПлъэкIыну тхыдэм птелъ и щIыхуэм,
Зыпхуэмыдэту, плIэр нухуэу.
КъыхэмыщтыкIыу уи гур, уи псэр
Иджы зепхэну адыгэщIэр?
... Губжьауэ шу уардэм жуэап къызидзар
Блэ фIыщIэ шэрэзу си гущхьэм пхидащ.
АрщхьэкIэ, згъуэтыжщ дэрэжгъуэ щIэрыщIи,
Мы си гум къеуэн щIидзэжащ мащIэ-мащIэу:
- Сабийуэ псэ махэ, щхьэ уи гум ихуа
Си лъэпкъым псэукIэу игъащIэм иIар?
ЩIхьэ унгу Iэщ1эхуа - зыхъумэжым и хэкур
Ахърэтым къыщожьэ жэнэтым и жьэгур.
Сыт щыгъуи мы псалъэхэр уи гум игъэлъ,
А псалъэхэр ныпу лIыхъужьым Iэщ1элъщ:
«Шууейм и нэмысыр, и щIыхьыр зыIэтыр
И Хэку кIихьа бийм ирищIэкI къэзэуатырщ».

ДАУТОКЪУЭ Хьэжмурат

## ЛIыхъужьым и уэсят

*Си къуэш Заурбэч и фешIагу*

Къысщыфтlагъэ си адыгэ фащэр,
Си адыгэ къамэр къыскIэрыфщIэ,
Шытепхъуэ фIыщIэр теубгъуауэ си шыр
Си кхъаблэм къыбгъуриту хуэму нафшэ.
Ныбжьэгъу пэжхэр щIэувэщ си кхъаблэм,
Зыхэсщ1эу иджыри хэлъ къарур я Iэблэм.
Си кхъэ мащэм щIыр щытратхъуэжкIэ,
Хъыбар къызагъэщIэнщ фочауэ макъкIэ.
ЗымащIэкIэ сэбэп сыхуэхъуу лъахэм
СыщызекIуамэ гъуэгуанэ къэскIуахэм,
Жагъуэгъуэхэм схуагъэIуахэр псалъэ жагъуэу
Жьым ихьыжьнущ ещхьу щIэдджыжь пшагъуэм.

Индыл Iуфэ щызэуэ акъужьым
ИепхъэнкIыж гукъеуэм и лъэужьыр.
Я жьэр яфIнубыду фыгъуэнэдым,
Iунщ си лъагъуныгъэм и уэрэдыр.

## Зэман блэкIам и уэрэдхэр

1.

Къысхуэгъуэтыжкъым дэрэжэгъуэр,
Мэужьых гуфIагъуэм и пшыналъэр,
Хэкыпlэ гуэри имылъагъуу,
Ехуэзыр гур гупсысэ хьэлъэм.

Зауэм и мафIэ къызэщIэплъэм
ГуфIэгъуэ джэгу хэпщIыкIыфын?
Ажалыр уи нэхэм къыщIэплъэм,
МафIэсыр сыткIэ бгъэункIыфын?

Си ныбжьэгъу пэжхэм, си хэкуэгъухэм
Зэрахьэ лIыгъэ махуэ къэс;
Зы зауэм къыхэкIам и Iугъуэм,
ЕтIуанэ зауэр занщIэу къос.

Зэроубыдыжри зылI и быну,
Бийм йобгъэрыкIуэ мывэ блыну.
Зауэр хуэкIуам Iэпщэрызауэм,
МыIуэтэщIыжщ къакъуэкI хахуагъэр.

Хэмыщ1у зы, абы я лIыгъэр
СIуэтэжыфынкIэ щIыркъым гугъэ.
Хэку хуитыныгъэм гъащIэр щIату
Зауэпlэм итхэр тхьэпэлъытэу
Дэ къыдитащи Ди Щыгу Итым,
Дисыжщ ди хэкум дыщхьэхуиту!

2.

Зы лъы Iэмпlэ къыщIэнэжьхункIэ
ЗауэлIым ихъумэнущ и щIыналъэр,
КъаукIахэм я кхъащхьэм Iуплъэхукlэ,
Я лIыгъэм пищэну иту псалъэ.

Адэжь щIыналъэм, лъахэ игъафIэм
Бийр къытеуауэ хэкур къыщыджэм,
ЩIымахуэ уан, зауэм и мафIи
КъагъэувыIэфыркъым лIы къэмыланджэр.

Зэрихьа лIыгъэр телъу и напщIэм,
И щхьэр Iэтауэ темыт ар гъуэгум,
ЩIегъэпщкIужьифри гуауэр гу лъащIэм,
Уигъэлъагъунукъым, уиплъакIэ нэгум.

## Си хэкум

*Кавказым щыпсэу си лъахэгъухэм яхуэотх*

Си ныбжьэгъуфIхэ, си Iыхьлыхэ,
Сынывольэ1у ауан сыкъэвмыщIыну -
Хъуа мыхъуами усэ суцIырхъахэр
Сытегушхуащи, фэ ныфхуезгъэхьыну.

Карпат бгыжьхэм сыщIэсщ я жьэгъум
Срагъусэу ди зауэлI ныбжьэгъухэм,
Бийхэр къыщыттеуэкIэ зэуэну,
Дапэщ1эувэу псори зылI и быну.
Къурышбгъэм хуэдэу бийхэм дащхьэщыхьэу,
Дымыгъэпуду нэхъыжьхэм я щIыхьыр,
Зыщу пашэщ зауэм дыщыIухьэм,
Догъабзэ джатэр, текIуэныгъэр къэтхьу.

Икlи сыт щыгъуи лъахэр къыдохъуэхъу:
-Тхьэразэ къыфхухъу! Тхьэразэ къыфхухъу!

*Львов къалэ.*
*1914 гъэ, жэпуэгъуэм и 17-м*

## Лъагъуныгъэм и вагъуэ

*Франковский Владислав хуэотх*

Къуэ гъуэщам, бын щхьэрыуам
ЩигъэзэжкIэ къыщалъхуа щIантIежьым,
Ещхьу насыпышхуэр къащIэуам,
Къыпожьэр я нэхъыщIи, я нэхъыжьи.

Хэгъуэгу Iэджи щIэзгъэплъащ си лъэгум,
ЗгъэкIыжащ стелъа си уIэгъэжьхэр,
Ауэ зэи щIэкIакъым си нэгум
Къуэш пэлъытэу сиIэ ныбжьэгъужьхэр.

Къыхуагъэгъуащ си зекIуэ кIыхьыр,
ЩIэрыщIэу щIэздзэжащ си сэлэт гъащIэм,
Лъагъуныгъэм и вагъуэр пщыхьэщхьэм
ЩIэрыщIэу къотIыхьэжьыр уафэ лъащIэм.

Къытхуоплъых а вагъуэр гъуэгугъэлъагъуэу,
И нэхум къыдитыжу дэрэжэгъуэ.
Гуапагъэмрэ дахагъэмрэ зэщIыгъуу
Къытхуихьрэ, гъащIэр тхуищIу нэхъ щIэщыгъуэ.

Дыщихъумэу жагъуэгъум и нэлатым,
Гуапэу игъаблэу ди гурыщIэр,
Уафэгум итрэ къытщхьэщыту,
Къытхуоблэ вагъуэр илъэсыщIэу.

*Львов къалэ.*
*1914 гъэ, жэпуэгъуэм и 15-м.*

## ЩIыхубзым деж

*ЗауэлIхэр къраГъэлым папщIэ зи гуащIи гъащIи смыблэжу зэуапIэ губгъуэм ит медицинэ сестрахэм яхуэотх*

Сыт тщIэн атIэ,
Нобэ псори гугъуехьнатIэщ:
УщIэплъэфынукъым зы унэ,
Удэплъыфынкъым зы щхьэгъубжэ,
Нэпс мыувыIэжьым щIисыкIыу и нэр,
Щхьэжагъуэ гуэр щымыгъ-щымыбжэ.
Е анэщ ар, е шыпхъущ, нысащIэщ.
Зыщ псори Тхьэшхэм зэреупщIыр:
«Къытхуэпхыжьыну ар узынщэу,
Е бинщэм
Къыхигъэщ1ауэ хамэ губгъуэм
Кьинауэ щIэлъ кхъащхьэ зеиншэм,
ХилъэфэжакIэу жей уахътыншэм?»
«ЩхьалъащIэ, унгу умыухыж,
Ар къыпхуегъэкIукъым тхьэIухудым,
Аргуэру джатэр къыдохыж,
Бийм и псэр зауэм щыIудуду.
Ныбжьэгъу хэщIахэм ялъ ящIэжу
КъокIуэкI хабзэжьу Iэджэ щIауэ.
Хэщ1ам я бжыгъэр дымыщIэжми,
Къэхъункъым хабзэ дымыщIауэ.
Дыкъыщаукlми зауэ гуащIэм,
Ди щIыб къыдэтхэри мымащIэ.
Кьинвэжынщи ахэр ди пIэм,
Пащэнщ лIы хуэдэу ди лъэужьым.
Къыщымыланджэмэ зэуапIэм,
НэгъуэщI щIэхъуэпсыркъым лIыхъужьыр.
Хэкум и напщIэу,
И ажалу бийм
Дитмэ зэуапIэм,
ФIыщIэр фэращ зейр.

*Львов къалэ.*
*1914 гъэ, жэпуэгъуэм и 10.*

## Пасэрейм и джэ макъ

ГущIэгъулыныгъэм, лъагъуныгъэм я вагъуэр
Сыт щыгъуи хуэдэу телъыджэщ, нагъуэщ.
Гупсэ дахагъэм и гъуэгугъэлъагъуэу
ИгъащIэ лъандэрэ дытетщ а лъагъуэм.

Ди губжьыр псэм щагъэужьыхыжу,
ДыщIагъэдэIуу и псалъэм Алыхьым,
ЛIэщIыгъуэхэм къахоIукIыжри,
Нэхъыжь чэнджэщхэр къыткIэлъыщIохьэ.

*Львов къалэ*
*1914 гъэ, жэпуэгъуэм и 15.*

## Щолыд зэуапIэ губгъуэм уафэхъуэпскIыр

Стародуб полкым и шууейхэ! Маржэ!
Къэсащ зэман дебгъэрыкIуэну,
Бий гущхьэм джатэр щыдгъэбзэну,
Нэмыщэм куэдрэ худогъэгъур
Ди гъащIэр къызэрагъэутхъуэр.
Ди командирыр зауэлI гуащIэщ,
И лIыгъэм щхьэкIэ хуэтщIу фIыщIэ,
Унафэу тхуищIым дыхуэжьIэщIэщ:
«Ныбжьэгъухэ! Илъэс щитI ноблагъэ
Ди полкыр игъэлъагъуэу лIыгъэ,
Кьимыгъэдзыхэу зауэ мафIэм,
Иныгъщи уардау и бэракъыр,
Щхьэр бийм щыхунгъэщхъа къэхъуакъым;
Ди ныбжьэгъуфIхэу Воинов, Шеер,
Щышынэ ящIэркъым биншэм.
Кьрихмэ джатэр Миклашевский, щхьэщымыкIыу,
Щолыд зэуапIэ губгъуэм уафэхъуэпскIыр.
Дэтхэнэ зыри зэуэныгуу
ЛIыхъужьщи, кьикIыркъым уанэгум.

ЗыхащIэрт пасэм ди адэжьхэм
Зэрагъасэр я щIыблэр лIыхъужьхэу -
ТекIуэныгъэм, щIыхьым я бэракъыр
Кърагъэхьыфу фочауэ макъым.
Збруч псы зэпрыкIыпIэм,
Нэмыщэ къэрэгъулхэр «щэхуу» Iуапlэу,
Ди дзэм гъуэгур къыщIыхуащIым хуит,
Урыс лIыгъэр бийм игъэунэхуат.
Бээрджык и дамыгъэ жорыр
Ихьащ щхьэпылъапIэм ди мыжурэм -
Сэпхуи, фочи, бжыи ящем хуэдэу,
ЩIыдогъабзэ зэуапIэ губгъуэм,
Майор Къаныкъуэм и ныбжь уардэр
Хэтщ ди сатырым ноби тщIыгъуу,
Сыт щыгъуи хуэдэу, дигъэгушхуэу,
ШынэныM дыщигъэукIытэу,
Лыгъэм и ныпыр къыддиIэту.
«Е лIын, е лIэн!» - ди нэхъыжь псалъэм
Къару къыхилъхьэ защIэщ ди лъым.
Ди нэхъыжьхэм хаша лIыгъэ гъуэгум
Дытетщ щIыхьым хуэдгъэлажьэу ди гур.
Стародуб полкым и шууейр
Зыхуэдэр кьедгъэщIащ нэмыщэ дэпсэлъэрейм.
ЩIуудзэ сатырхэр зэкIэлъхьэжьу
ИобгъэрыкIуэри нэмыщэ быдапIэм,
Кьагъанэ защIэу сахуэ лъэужьхэр,
Щозауэ кьуэкIыпIэм, щозауэ кьухьэпIэм.

ЛIэщIыгъуэ ныбжьым ит жыгейм
Хуэдэу, Стародуб полкыр къуэпс быдэщ,
Щицльэгъуауэ куэдыкIей дунейм,
Хуаусауэ и лIыгъэм уэрэдхэр.

## ИлъэсыщIэ жэщ

ДегъэгуфIэ мы жэщым, ныбжьэгъухэ,
ИкIи донэщхьейхэ!
Я гум къэкIауэ зэрыкIа унагъуэр,
Къызэхуосыж ди полкым и шууейхэр.
Мыбдеж шыгъупIастэр щынэхъ Iэфlщ,
Хъуэхъубжьэр къыщIаIэт нэхъ дахэу,
Къытхэмытыжуи жыдмыIэф
Зэуапlэ губгъуэм икIуэдахэр.
Нэпс гуащIэм нэхэр егъэпсыф,
КъокIыжри ди гум ягъэхъахэр.
Iумылым исея я кхъащхьэхэр
ЩоээшIр губгъуэм,
Дэ илъэсыщIэр кьндмыгъэхьэт,
ДызэщIымыгъуу зэш унагъуэу.
ЯхуэтIэтынущахэм хуэхъур,
Я лIыгъэр мыхъуу лъэужьыншэ.
Шынагъэм я нэхэр къыщIихъуэу,
ЗыпыIуадзатэкъым биншэм.
ИкIи къысфIощIыр мы меданым
Абы я кхъащхьэр зэгуэкIыну,
КъыдэкIхэу щызэша я бэным,
Мы Iэнэм къыддетIысэкIыну.
ЛIыхъужьхэм я псэхэм, мыхыщIэу,
КъыддаIэтыну хъуэхъу фадэбжьэр.
КIуэдыжу бийм кърадза фэбжьыр,
Кърагъэхьэну илъэсыщIэр.
И псэр изагъэркъым кхъэ мащэм
ЛъыщIэж зэуапlэм кIуэну хуейм.
Шууейуэ кьагъэщIати гъащIэр,
Шууейуи ехьыжащ дунейм.

## НыбжьыщIэм папщIэ

Карпат бгыжьхэм я жьэгъум
КъуэлаIэ ауэым бийм фезауэу
Щызефхьа фи лIыгъэм и дамыгъэу
Нобэ щщIэ къыфхуащI хэIэтыкIауэ.
Вгъэпудакъым нэхъыжьхэм я напэр,
Уардэу фIыгъыфащ ди сэлэт ныпыр.
Гуми псэми къабгъэдэкIыу хъуэхъур
Фэ фхуаIэтыр, ди нэхъыщIэ лIыхъухэ.
Адэжь лъахэм ди щхьэр и лъэгущIыхьу
Ди зауэлI къулыкъур кьыдохьэкIыр
ТекIуэныгъэ ныпыр жьым зэрихьэу,
Зэуапlэм махуэ къэс кьыщывохьэкIыр.
Нэхъыжьхэм фыкъыдэтщи ди щIыбагъым,
ГугъапIэнщэу дыплъэркъым щщэдейм.
Кьнэжьащи нэсу ар фи лIыгъэм,
ФхужьдоIэр - нэсу фышууейщ.

*Львов къалэ.*
*1914 гъэ, жэпуэгъуэм и 16.*

*ЗэзыдзэкIар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ.**



**Чхендзэ Константин и тхылъхэм я теплъэр. Мыбыхэм итщ Даутокъуэ зэшхэм я хъыбар гъэщIагъэуэнхэр.**



Щхьэгущэ псыхъуэ

**Мы тхыгъэм и пэ кхихуэу дэ кІэщІу щыгъуазэ фыхуэтщІащ адыгэхэм я хэкужьу щыт Ищхьэрэ-Къухьэпіэ Кавказым зыпІыхьыхьакІуэ Тэунейрэ дыззэкІуауэ щыта щыкІэм. Зыгуэрым жиІащ: «Уэрэ сэрэ дэнэ дышьпсэур? Кавказ къудейракъым, пэжкъэ? Адыгэ-щІщ...»**

ИПЭМИ хуэдэу, мы зекІуэми видео-тхыгъэхэр къыздитхат. Абы еплъахэм ящыщщ си ныбжьэгъу, Къармэхьэблэ къыщыхъуа налшыкдзэс Бышэн Хьэбас. Ари, сэ сэщхьу, и тельхьэщ «адыгэу ущытыным» къикІыр Къбэрдейм ущалъхуауэ зыкъэпІылъыжьыным и заукъуэкІэ зэрызэфІэмыкІым. Дэ дыззрегупсысымкІэ, «къэбэрдей къэуХь эзэщыкъуэзам» къимыкІыфым адыгэу зибжьажьныр машІощ.

ГъэмахуэкІэм ирихьэлІэу Бышэным зыгъэпсэхуакІуэ здрищэжьэн хуей хъуащ и кІуэ Асльэнрэ абы и ныбжьэгъу цІыкІу Мэремыкъуэ Аминрэ. НыбжьыщІэхэр хы Іуфэм хуеІэрт. Хьэбасрэ дэрэ Адыгейм щыІэ бгыщхьэ тафэ «Лагъэнакъэ» дыдэкІыну дыхуейт. Абы хэту Тхьэшхуэм сигу кІрилъхьащ зэ еплъыгъуэкІэ зэтемыхуэ гъуэгуанитІ зэщІэбгъэхьэ зэрыхъуну щыкІэр. Ильэс куэд и пІэкІэ сІэщІэльэгъуауэ щытат «Адыгейм ззэпхрыкІыу - хы Іуфэм!» жьхуиІэ географ картэ зэрыт тхьылъ щыкІыр. ИкІи апхуэдэ гъуэгуанэ мытынышьм дытехьэ хьуну къэтлъытащ.

Дыщыізэгурыіуэм, щІалилплІыр дитысьащ Налшык икІыу Мейкъуапэ кІуэ автобусым. Адыгейм и къалащхьэм дынэблэгъащ пщыхьэщхьэхуеГъэззкІыкІ. Мейкъуапэ дынэсыну километрИ 4 иІэжу Махуэ-хьэблэ къуажэ щыкІум дынэсащ. А жьлэм и къэунэхукІэ хъуам Хьэбасрэ дэрэ дыщыгъуаазэ щхьэкІэ, щІалитІым зэхедгъэхмэ ди гуапэу, хьыбарыр яхуэтІуатащ.

Югослав къэралым ы зы Іыхьэу щыта Косовэм зауэ щекІуэкІырт. А щІилпІэм ильэси 100-м щІигъукІэ щыпсэуа адыгэхэр зэхэзэхуэн щхьэхуати, Адыгэ Республикэм и президент Джарыбэ Асльэн и фІыщІэкІэ хэхэсхэр хэкужьым кІашэжри, куэдкІэ яГъэтІысыжащ...

Вокзалым къыщытпэплъэрт си щхьэгъусэм и дапъуэ Тхьэрыкъуакъуэ Азэмэт. Ар Мейкъуапэщ щыпсэр, аращ яІэ пІщыхьэщхьэм бысым тхуэхъуари.

Нэху дыкъекІащ Мейкъуапэ дыщыщащхуэу, Щхьэгущэ псыхъуэмкІэ дздгъэзеину ди мураду.

Азэмэт Мейкъуапэ бззэрым дытришэу дыдыхьеинуэхэр къэтщэхуа нэужь, иджыри зэ дызэчэнджэщыжащ. Псоми къыдгурыІуэрт хы Фыщ1эм лъэсу ухэкІыну ухуеймэ, зыщІипплъэфыхьэн зэрыщымыІэр. Щхьэгущэ псыхъуащхьэр зи хэщІапІэ, гъуэгур щиух Гъуаззэрыплъ псынщІэу дынэсын хуейт, абдеж зыщыдгъэпсэхуу, къыкІэлъыкІуэ махуэм бгым дихьэн хуэдэу. Азэмэт ар щыззэхихым, аргуэру дэІэпыкъуэгъу къыгъэхуэгъуащ. И машинэ псынщІэм «дигъэкІэсри», Къбэрдейм къикІа щІалилплІыр бгым хуэкІуэ гъэгум дытришащ.

Нэм кІиплъыкьыр щІэщыгъуэ къызыщІыхьу ди гупыр Щхьэгущэрэ КІыщейрэ щызэхэлъэдэж щІыпІэ дахэкІейм дыІулъэдащ. «Гу псынщІэм» дыкъыщикІым, щІалэ щІыкІуэхэр лъэтэным хуэдэт. ПсышхуитІ зэхьыхьэжымрэ абы ирагъэщІ Іэуэльауэ лъэщымрэ я ни я пси дихьэхат. Дыхуэсакъыпэурэ къуэладжэм дыдыхьащ. АдэкІэ-мыдэкІэ псыхъуэм дэлъ мывэ дзакІэжьхэр я теплъэкІи, я фэкІи зэмылІэужьыгъуэт, щхьэгъэлпльыкІи, фІыщІи, хужьи яхэпІагъуэрт.

Машинэм «дышэсыжри», куэд дымыкІуу дихьащ Гъуаззэрыплъ ящхьажэкІэм зыщызыуфэбгъуа хуей мэз дахэшхуэм. Псышхуэ здыІутым нэмыщІ, хуейр игъэдахэт зипкъэхэр Іэпплакіуиті-щы хъу, зи щхьэкІэхэр метрипщІым щигъукІэ зызыІэта уэздыгьей уардэхэм. Абдежым тІэкІу дыщедзакъэри, щыкъу щІалэр къэдутІыпщьжащ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІт. «Жэщхэс пщыІэ» дахуэн хуейтэкъэ? ЩІалилплІым нэхъыжьу Хьэбас хэтхащ. «МафІэ щынкІэ Іэзэр ченгъэ зэгъэззгъщ», жьхуиІэрати, ди гуп щыкІыр псом япэ абы иужь дихьащ.

Къыздетхъэжьа чэтэн уиэ щыкІуитІри дызэдэІэпыкъуурэ къэдухуащ. МафІэ бзий дигуэр хэзыгъахьэзэхэм нэмыщІ, Щхьэгущэ псыхъуэр зыщыбгъэпсКІынкІэ зэгъыу кхьзэрыщІэкІари телъыджэт. Хьэбас зыуи кхьщымыхъуу зэпрысыкІащ япэ зекІуэгъуэхэм шынагъуэу къэтлъытэу щыта псым и куупІэхэм.

ЩІалэ щІыкІуитІым садущІыгъуу псым дыхэмыхьэу къытхуядакъым. Арати, тІэкІурэ дыщесри, ди «пщыІэр» здащІыжь ІэныкъуэмкІэ дыкъыщыхэкІыжащ. Хьэбас псышхуэм зэпрыкІри, яхьумэ щІыпІэ дахэми зыщІплъыхьащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, уекІуэтэхмэ, пасэрей испы унэжь итт. Абы и ныбжьэгъу, щІэныгъэлІхэм зэрызыхуагъэфащэмкІэ, ильэс мини 4-5 мэхъу. Апхуэдэ унэу адыгэ-абхъазэхэм я щІыналъэжьым 2000-м щигъу итщ.

«ДольменкІэ» зэджэ испы унэжьхэм теухуауэ иджыблагъэ фильм гъэщІэгъуэн къыдэкІащ. ЩІэныгъэлІ-археолог Дмитриев Александр и Іэдакъэщ1экІщ а фильмыр. Абы кхьхэщ гупсысэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ хуэ ФІыцІэ Іуфэм къегъэщІылІа абхъаз-адыгэ щІыгужьым щІэпрызихьэт зэмылІэужьыгъуэу мывэ унэжьхэм я къэжьэкІэ хъуам тэмэму зыри зэрыщымыгъуазэр. «Ар зы лъэпкъ гуэрым и Іэдакъэщ1экІу жьпІэнри тэрэз дыдзэкъым», - жеІэ фильмым кхьщыпсалъэ щІэныгъэлІым.

«Зи ныбжьыр жьы дыдэ апхуэдэ унэ ухуэкІэм уащрохьэлІэ хуей Курытым (Средиземнэ жьхуаІэм) и Іуфэм Іус языныкъуэ къэралхэми Болгариеми. Арщхьэкіэ къаГэлъалъгъуэ зэкІэлъыкІуагъэкІэ, мывэ зэтелъхьэкІэм и зэмылІэужьыгъуагъэкІэ Кавказ Къухьэпіэм щыІэ дольменхэм ялъэщІыхьэн дуней псом щытебгъуэтэнчъкъым», - жеІэ зи гугъу тщІы фильмым.

Мывэ джафэжь зэтелъхьэхэм адыгэхэр зэреджэ «испы унэ» цІэр Нарт эпосым къыхэкІащ. Испыхэр нартхэм зэми къезаугуэ, зэми къеКІужу щыта лъэпкъ щІыкІужьеИщ. Дапхуэдэу щымытми, мывэжь кхьхэлІыкІэхэр телъыджэщ. Ахэр сыстым хуэдэу екІуэр абхъаз-адыгэ хэкужьым! Апхуэдэ уху-нЫгъэхэм иджыри «мегалиткІэ» йоджэ. «Испы унэхэм» тепсэлъыхьыкІи дыухэсы, ауэ иджмыстхуІэ къэдгъэзэжьыщІи ди хуеИжьым.

Дыкъызэрыхута хуейр зэрыщІыпІэ хьэлэмэтым дыщыгуфІыкІрэ кхьтпэщІыпІэ гъуэгуанэми дрипІейтейуэ дыгъуэльыжащ.

Нэху дыкъекІащ, дэ кхьпІэщІыпІ абаззэхэ, убых Іуащхьэ Іъыгэхэм дащъхьэдэхыу, ях ФІыцІэ Іуфэм дынэсын папщІэ, зы пІэм дикІыу адрейм дыкІуэу иджыри пщэдджьжьхиту ягъэ ЩІыкІуэ. Щхьэкъыкъуэ жьлагъуэхэм я ныбжьыщІэхэр Прохладнэ районым щыІэ Екатеринградскэ станицэм яхуеблэгъащ.

ПУШКИНЫМ и цІэр зэриІхьэу абы дэт музейм «Дэ Кавказ бгыхэм драбынщ» зыфІащ зэІуІэ щекІуэкІащ. Зэхьыхьэм хэтахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъхэм яку дэлъын хуей зэхущытыкІэм, зэныбжьэгъуГъэм, адыгэ, урыс, балъкъэр лъэпкъхэр зы зыщІу щыта къунакъ, аталыкъ хабззэхэм фІыуэ хэлъхэм.

Станицэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм щекІуэкІащ ныбжьыщІэхэм зэдгъэзыхьэзыра юнцерт. Абы щыжаІащ ди республикэм, мамырГъэм, зэгурыІуэм ятеухуа уэрэдхэр.

ЛУПЫРЕВЭ Ириндж.



Иджыблагъэ Налшык дэт «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм, и бжыгъэр 300 хьуауэ, кІыщыщэкІащ Иуан Владимир и тхылъышІэ. «ЗэІущІэ гукъинэж» зыфІищар. Абы щызэхуэхьэсащ уСэхэр, жьІэгъуэхэр, басняхэр, рассказхэр.

●Тхылъыщ1э

# Адыгэбзэр зыгъэшэрыуэ

ЩОДЖЭНЦІЫКІУ Алий и цІэр зезыхьэ Къбэрдей къэрал драмэ театрым ильэс куэд щІауэ щылажьэ, абы и утыкум ролищэм нэс гукъинэжу щыІэныгъээщІа Иуаным мыр и тхылъ екІуэлІэ. Абы адыгэбзэкІэ тхауэ, урысыбзэкІэ зэрадзэкІауэ дунейм кьытриГъэхьа и лэжьыгъэхэм наІуэ ящІ артистыр зыхуэЭзиижьыр артистыгъэм зэримызакъуэр. Владимир зэкъуэдзу адыгэбзэр щегъэшэрыуэ джэгукІэ екІуэкІэ игъэдахэ театр утыкуми тхылъымпІэ напэмк.

А псом кьыдэкІуэу, х эт зымыщІэжьыр Владимир и уэрэдхэр?! Псалъэхэри макъамэри ейуэ абы иІэщ уэрэдищэм щІигъу. Балалайк экІэ дежьуэу езым игъэззэщІэжу щыта уэрэдхэм ящыщ куэд цІыхубэм фІыуэ ильэгъуауэ жьпІэфынущ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Иуан Владимир сыт хуэдэ и тхылъэми лъабжьэ хуищІыр гьащІэм кьитІэуэ Іуэху кьинхэр зэрыарар. Апхуэдэу щыхъуКІэ, ар цІыху куэдым я гум къоПсэлъыкІ, араш и уэрэдхэри и тхыгъэхэри зэманым жьы щІыдэмыхьыр.

Зэрыжа1эщи, щэ зэхэпх нэхърэ зэ плъагъу. Ди псалъэхэм я щІыхьэту тыдодзэ Иуаным и уэз зыбжанэ. Адрей уэз 30-м, басни 8-м, рассказ 21-м еджэну хуейхэм «ЗэІущІэ гукъинэж» тхылъыр зыІэрыбгъэхьэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

*Налшык къалэ щыпсэу Елбэн Эльвирэ Азэмэт и пхъор къыщыдгъэхуа махуэщ, абы и ныбжьыр ильэситІ ирокъури, дохьуэхьу*

**Ди пщащэ гуащэм уи Іэфыгъэущи, сабингъуэ дахэ уиІэну, уи къэкІуэнкІуэ екІуу, уи фІэрэфІагъэм щыхуэр нтхъэкъуу, ЗэщІагъэкІэ уцІэрыІуэу, уи ІнтІыр фІыгъащІэу, фІыкІэ уи цІэр яІуатэу, псынэпсу уи псэр кьабзэу, уи гур щызу, акъылрэ мылъкукІэ убейуэ, уи пасыпт вагъуэр уэгум иту, нэмысымрэ хабзэмрэ уи гъуазэу, уэркІэ дыгушхуэу гъащІэм лъэ быдэкІэ ухэувэну ди гуапэщи, насыпу щыІэм и нэхъ лъапІэмкІэ Къэр кІыпхуэупсэну дынокъуэхьу!**

*Уи адэшхуэм и шыпхъуэху ПатІэрэ Катярэ.*

●Адыгэ лъагъуэжьхэмкІэ

# Гъуаззэрыплъ къуажэкІэм

ИПЭМИ хуэдэу, мы зекІуэми видео-тхыгъэхэр къыздитхат. Абы еплъахэм ящыщщ си ныбжьэгъу, Къармэхьэблэ къыщыхъуа налшыкдзэс Бышэн Хьэбас. Ари, сэ сэщхьу, и тельхьэщ «адыгэу ущытыным» къикІыр Къбэрдейм ущалъхуауэ зыкъэпІылъыжьыным и заукъуэкІэ зэрызэфІэмыкІым. Дэ дыззрегупсысымкІэ, «къэбэрдей къэуХь эзэщыкъуэзам» къимыкІыфым адыгэу зибжьажьныр машІощ.

ГъэмахуэкІэм ирихьэлІэу Бышэным зыгъэпсэхуакІуэ здрищэжьэн хуей хъуащ и кІуэ Асльэнрэ абы и ныбжьэгъу цІыкІу Мэремыкъуэ Аминрэ. НыбжьыщІэхэр хы Іуфэм хуеІэрт. Хьэбасрэ дэрэ Адыгейм щыІэ бгыщхьэ тафэ «Лагъэнакъэ» дыдэкІыну дыхуейт. Абы хэту Тхьэшхуэм сигу кІрилъхьащ зэ еплъыгъуэкІэ зэтемыхуэ гъуэгуанитІ зэщІэбгъэхьэ зэрыхъуну щыкІэр. Ильэс куэд и пІэкІэ сІэщІэльэгъуауэ щытат «Адыгейм ззэпхрыкІыу - хы Іуфэм!» жьхуиІэ географ картэ зэрыт тхьылъ щыкІыр. ИкІи апхуэдэ гъуэгуанэ мытынышьм дытехьэ хьуну къэтлъытащ.

Дыщыізэгурыіуэм, щІалилплІыр дитысьащ Налшык икІыу Мейкъуапэ кІуэ автобусым. Адыгейм и къалащхьэм дынэблэгъащ пщыхьэщхьэхуеГъэззкІыкІ. Мейкъуапэ дынэсыну километрИ 4 иІэжу Махуэ-хьэблэ къуажэ щыкІум дынэсащ. А жьлэм и къэунэхукІэ хъуам Хьэбасрэ дэрэ дыщыгъуаазэ щхьэкІэ, щІалитІым зэхедгъэхмэ ди гуапэу, хьыбарыр яхуэтІуатащ.

Югослав къэралым ы зы Іыхьэу щыта Косовэм зауэ щекІуэкІырт. А щІилпІэм ильэси 100-м щІигъукІэ щыпсэуа адыгэхэр зэхэзэхуэн щхьэхуати, Адыгэ Республикэм и президент Джарыбэ Асльэн и фІыщІэкІэ хэхэсхэр хэкужьым кІашэжри, куэдкІэ яГъэтІысыжащ...

Вокзалым къыщытпэплъэрт си щхьэгъусэм и дапъуэ Тхьэрыкъуакъуэ Азэмэт. Ар Мейкъуапэщ щыпсэр, аращ яІэ пІщыхьэщхьэм бысым тхуэхъуари.

Нэху дыкъекІащ Мейкъуапэ дыщыщащхуэу, Щхьэгущэ псыхъуэмкІэ дздгъэзеину ди мураду.

Азэмэт Мейкъуапэ бззэрым дытришэу дыдыхьеинуэхэр къэтщэхуа нэужь, иджыри зэ дызэчэнджэщыжащ. Псоми къыдгурыІуэрт хы Фыщ1эм лъэсу ухэкІыну ухуеймэ, зыщІипплъэфыхьэн зэрыщымыІэр. Щхьэгущэ псыхъуащхьэр зи хэщІапІэ, гъуэгур щиух Гъуаззэрыплъ псынщІэу дынэсын хуейт, абдеж зыщыдгъэпсэхуу, къыкІэлъыкІуэ махуэм бгым дихьэн хуэдэу. Азэмэт ар щыззэхихым, аргуэру дэІэпыкъуэгъу къыгъэхуэгъуащ. И машинэ псынщІэм «дигъэкІэсри», Къбэрдейм къикІа щІалилплІыр бгым хуэкІуэ гъэгум дытришащ.

Нэм кІиплъыкьыр щІэщыгъуэ къызыщІыхьу ди гупыр Щхьэгущэрэ КІыщейрэ щызэхэлъэдэж щІыпІэ дахэкІейм дыІулъэдащ. «Гу псынщІэм» дыкъыщикІым, щІалэ щІыкІуэхэр лъэтэным хуэдэт. ПсышхуитІ зэхьыхьэжымрэ абы ирагъэщІ Іэуэльауэ лъэщымрэ я ни я пси дихьэхат. Дыхуэсакъыпэурэ къуэладжэм дыдыхьащ. АдэкІэ-мыдэкІэ псыхъуэм дэлъ мывэ дзакІэжьхэр я теплъэкІи, я фэкІи зэмылІэужьыгъуэт, щхьэгъэлпльыкІи, фІыщІи, хужьи яхэпІагъуэрт.

Машинэм «дышэсыжри», куэд дымыкІуу дихьащ Гъуаззэрыплъ ящхьажэкІэм щызыуфэбгъуа хуей мэз дахэшхуэм. Псышхуэ здыІутым нэмыщІ, хуейр игъэдахэт зипкъэхэр Іэпплакіуиті-щы хъу, зи щхьэкІэхэр метрипщІым щигъукІэ зызыІэта уэздыгьей уардэхэм. Абдежым тІэкІу дыщедзакъэри, щыкъу щІалэр къэдутІыпщьжащ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІт. «Жэщхэс пщыІэ» дахуэн хуейтэкъэ? ЩІалилплІым нэхъыжьу Хьэбас хэтхащ. «МафІэ щынкІэ Іэзэр ченгъэ зэгъэззгъщ», жьхуиІэрати, ди гуп щыкІыр псом япэ абы иужь дихьащ.

Къыздетхъэжьа чэтэн уиэ щыкІуитІри дызэдэІэпыкъуурэ къэдухуащ. МафІэ бзий дигуэр хэзыгъахьэзэхэм нэмыщІ, Щхьэгущэ псыхъуэр зыщыбгъэпсКІынкІэ зэгъыу кхьзэрыщІэкІари телъыджэт. Хьэбас зыуи кхьщымыхъуу зэпрысыкІащ япэ зекІуэгъуэхэм шынагъуэу къэтлъытэу щыта псым и куупІэхэм.

ЩІалэ щІыкІуитІым садущІыгъуу псым дыхэмыхьэу къытхуядакъым. Арати, тІэкІурэ дыщесри, ди «пщыІэр» здащІыжь ІэныкъуэмкІэ дыкъыщыхэкІыжащ. Хьэбас псышхуэм зэпрыкІри, яхьумэ щІыпІэ дахэми зыщІплъыхьащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, уекІуэтэхмэ, пасэрей испы унэжь итт. Абы и ныбжьэгъу, щІэныгъэлІхэм зэрызыхуагъэфащэмкІэ, ильэс мини 4-5 мэхъу. Апхуэдэу унэу адыгэ-абхъазэхэм я щІыналъэжьым 2000-м щигъу итщ.

«ДольменкІэ» зэджэ испы унэжьхэм теухуауэ иджыблагъэ фильм гъэщІэгъуэн къыдэкІащ. ЩІэныгъэлІ-археолог Дмитриев Александр и Іэдакъэщ1экІщ а фильмыр. Абы кхьхэщ гупсысэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ хуэ ФІыцІэ Іуфэм къегъэщІылІа абхъаз-адыгэ щІыгужьым щІэпрызихьэт зэмылІэужьыгъуэу мывэ унэжьхэм я къэжьэкІэ хъуам тэмэму зыри зэрыщымыгъуазэр. «Ар зы лъэпкъ гуэрым и Іэдакъэщ1экІу жьпІэнри тэрэз дыдзэкъым», - жеІэ фильмым кхьщыпсалъэ щІэныгъэлІым.

«Зи ныбжьыр жьы дыдэ апхуэдэ унэ ухуэкІэм уащрохьэлІэ хуей Курытым (Средиземнэ жьхуаІэм) и Іуфэм Іус языныкъуэ къэралхэми Болгариеми. Арщхьэкіэ къаГэлъалъгъуэ зэкІэлъыкІуагъэкІэ, мывэ зэтелъхьэкІэм и зэмылІэужьыгъуагъэкІэ Кавказ Къухьэпіэм щыІэ дольменхэм ялъэщІыхьэн дуней псом щытебгъуэтэнчъкъым», - жеІэ зи гугъу тщІы фильмым.

Мывэ джафэжь зэтелъхьэхэм адыгэхэр зэреджэ «испы унэ» цІэр Нарт эпосым къыхэкІащ. Испыхэр нартхэм зэми къезаугуэ, зэми къеКІужу щыта лъэпкъ щІыкІужьеИщ. Дапхуэдэу щымытми, мывэжь кхьхэлІыкІэхэр телъыджэщ. Ахэр сыстым хуэдэу екІуэр абхъаз-адыгэ хэкужьым! Апхуэдэ унэ-нЫгъэхэм иджыри «мегалиткІэ» йоджэ. «Испы унэхэм» тепсэлъыхьыкІи дыухэсы, ауэ иджмыстхуІэ къэдгъэзэжьыщІи ди хуеИжьым.

Дыкъызэрыхута хуейр зэрыщІыпІэ хьэлэмэтым дыщыгуфІыкІрэ кхьтпэщІыпІэ гъуэгуанэми дрипІейтейуэ дыгъуэльыжащ.

Нэху дыкъекІащ, дэ кхьпІэщІыпІ абаззэхэ, убых Іуащхьэ Іъыгэхэм дащъхьэдэхыу, ях ФІыцІэ Іуфэм дынэсын папщІэ, зы пІэм дикІыу адрейм дыкІуэу иджыри пщэдджьжьхиту ягъэ ЩІыкІуэ. Щхьэкъыкъуэ жьлагъуэхэм я ныбжьыщІэхэр Прохладнэ районым щыІэ Екатеринградскэ станицэм яхуеблэгъащ.

ПУШКИНЫМ и цІэр зэриІхьэу абы дэт музейм «Дэ Кавказ бгыхэм драбынщ» зыфІащ зэІуІэ щекІуэкІащ. Зэхьыхьэм хэтахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъхэм яку дэлъын хуей зэхущытыкІэм, зэныбжьэгъуГъэм, адыгэ, урыс, балъкъэр лъэпкъхэр зы зыщІу щыта къунакъ, аталыкъ хабззэхэм фІыуэ хэлъхэм.

Станицэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм щекІуэкІащ ныбжьыщІэхэм зэдгъэзыхьэзыра юнцерт. Абы щыжаІащ ди республикэм, мамырГъэм, зэгурыІуэм ятеухуа уэрэдхэр.

ЛУПЫРЕВЭ Ириндж.

●Прохладнэ куей

# ЗэгурыІуэмрэ мамырыгъэмрэ къыхураджэ

**КъБР-м ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухьныгъэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ и министерствэм къыззригъэпэща «ЩЭнхабзэхэр зэпсалъэ» проектым ипкъ итІэ. ЯныкъуэкІ. ЩІхьэлъкъуэ жылагъуэхэм я ныбжьыщІэхэр Прохладнэ районым щыІэ Екатеринградскэ станицэм яхуеблэгъащ.**

ПУШКИНЫМ и цІэр зэриІхьэу абы дэт музейм «Дэ Кавказ бгыхэм драбынщ» зыфІащ зэІуІэ щекІуэкІащ. Зэхьыхьэм хэтахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъхэм яку дэлъын хуей зэхущытыкІэм, зэныбжьэгъуГъэм, адыгэ, урыс, балъкъэр лъэпкъхэр зы зыщІу щыта къунакъ, аталыкъ хабззэхэм фІыуэ хэлъхэм.

Станицэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм щекІуэкІащ ныбжьыщІэхэм зэдгъэзыхьэзыра юнцерт. Абы щыжаІащ ди республикэм, мамырГъэм, зэгурыІуэм ятеухуа уэрэдхэр.

ЛУПЫРЕВЭ Ириндж.

●КъБР-м и прокуратурэм

# Хьэгъэщагъэ Іэмалхэмкіэ

**Ди къэралым щагъэзащІэ къуажэдэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ хуэгъэзэ программэ зыбжанэ. Ахэр щхьэхуещагъэ хэлъу къэзыгъэсэбэп цІыхухэр къыкъуокІ.**

ПСАЛЪЭМ и хьэтыркІэ, Тэрч районымкІэ ОВД-р и гъусэу куейм и прокуратурэм сэтей къыщІащ «2012 гъэ пщІондэ къуажэм игъэтыну социальнэ зыужьыныгъэр» федеральнэ программэр къигъэсэбэпу Ч. хьэгъэщагъэ Іэмалхэмкіэ бюджет мытыкІу зэрызыригъэхьар.

Фэтэрыр щэн-къащхьэхуным теухуа зэгурыІуэныгъэ нэпцІ зэрригъэпэщІи, Ч. гъэпцІагъэкІэ федеральнэ, республикэ бюджетхэм псори зэхэту сом 519 200-рэ къыІихащ. КъыІэрыхьа ахъшэм щыщу сом мини 10-р Р. иритащ къызэрыдзэІэпыкъуам папщІэ фІыщІэ хуищІу, адрей ахъшэр езыр зэрыхуейм хуэдэу къигъэсэбэпащ.

Ч. зэхищІыхьам и зэранкІэ ахъшэ иратыфакъым псэупІэ хуэныкъуэ унагъэщІэхэм ящыщ шым.

Прокуратурэм и къэпщытэныгъэм кьрикІуахэр ОВД-м и следствиемкІэ и къудамэм иритащ.

Иужьрейм УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэмкіэ уголовнэ Іуэху кьиІэтащ.

Апхуэдэу куейм и прокуратурэм тхылъхэр егъэхьэзыр къэрал ахъшэр Ч. къеІыхьажьын мурадкІэ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.*

●КъБР-м щыІэ МВД-м къет

## ЩІэпхъаджащІэхэр къалыхъуэ

Къбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъуэ Іэнатіэхэм къалыхъуэ щэбэт кІуам пщэдджьжьым сыхьэти 9-м дэк Бахъсэн куейм щакІуэхэр щызыыкІа щІэпхъаджащІэхэр. Абы-хэм щыхуэ 7 яІэщІэкІуэдащ, тІур яІэщІэкІыфащ.

ЗэрачъыхъуамкІэ, щакІуэхэм къатеуа щІэпхъаджащІэхэр плІы мэхъу, Іэщэкі эзщІэуэздауэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру КъБР-м щыІэм и унафэкІэ куейм «Вулкан-3» лъжьыгъэр щокІуэкІ.

Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ.

## Сом мин 22-рэ къаІэщІэзыгъэкІа гъэщІакІуэхэр

Май куейм кІэ ОВД-м и лъэжьакІуэхэм къалыхъуэ УФ-м и Пенсэ фондым и Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэм и лъжьакІуэ загъэлъагъуэу Май къалэм щыпсэу, си ныбжь хэкІуэта цІыхубзым сом мин 22-рэ къаІэщІэзыгъэкІа гъэщІакІуэхэр.

Хабзэхъуэмэм щІэпхъаджагъэр зыльэжьа щыхъунтІым щыпІэм къытрана я Іэнатіэхэр къытрахащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м республикэм щыпсэухэр, псом япэу пенсионерхэр, сакъыну кьыхуреджэ. Коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэм, Пенсэ фондым я лъжьакІуэу жьзыІэхэу щэн зыхъуэфІащ1ахэм ягъэфащэ. Абы щыгъуэ щІэпхъаджащІэхэр ящІэнущ Іуэхуэхмкіэ щІыпІэм щыІэ Іэнатіэм евгащІэ е 02 телефонымкІэ фыпсалъэ.

## Ильэс 15 фІэкІа мыхъуахэр гъуэгу пхэж тоувэ

ЩІыхум теузу яхъунщІэну хэтаэу щэч хуащІу балигъу мыхъуа ныбжьыщІитІ Налшык къалэ УВД-м и лъжьакІуэхэм яубыдащ.

Захаровым и уэрамым тет унэм и пщІантІэм деж бзаджащІэхэр зытеуа налшыкдзэс щыхубзым псынщІэу милицэм зыхуэмыІэзаэ, сом мин 20-мрэ и паспортымрэ абы фІэкІуэдынут.

Налшык къалэ УВД-м хъунщІэнхэм ящІэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкІынымкІэ и къудамэм и лъжьакІуэхэм бзаджащІэхэр зашІэу яубыдащ. Ахэр 1995 гъэм къалъхуа ныбжьыщІэхэрщ. Абыхъэм кьытрахащ пневматикэ кІэрахъуэ, нэкІуІупхъуэ 2, заводым щащІа сэ.

КьызэрыщІэкІамкІэ, абыхъэм ар я япэ щІэпхъаджагъэкъым. Яубыда ныбжьыщІэхэр кьищІыхужащ абыхъэм кІэрахъуэкІэ яГъэшынэу ахъшэ Іэрыпльхъуэ иІэр кьаритыну зыхуагъэуваэ щыта тыкуэнтет цІыхубзым.

●Шэджэм куей

# Нэр псом я щхьэщ

**Шэджэм куей сымаджэщым зэ узыфэхэм еІэзэныкІэ пІэ Іэмалхэм кьахохьуэ.**

ЗЭМАНКІЭ дызэІэбэкІыжмэ, зэм и давленэр т эмэму кьэпщынымк доХутырэхр нэхъ гугъу дехьу щытамэ, иджыблагъэ мыбы щагъэува Іэмэпсымэм и зэфІэкІыр гъунапхэншэщ: абы Іэмал кьаритынущ цІыхум и нэ кутъуэм и щытыкІэр лъэныкъуэ псомкІи кьахутэу узыфэрэ яГъэбеледжьыну. Нобэ нэмкІэ гунькьэгъуэ зиІэ цІыхум, Іэман куэдэ темыкІу адэу, нэ кутъуэм и щытыкІэр Іупщу кьыщыгъэльэгъуа рентген суэртэр Іэщ1алъхьэж. Іэмэпсымэщ1эм и фІыгъэкІэ глаукомэ яз узыфэ щынагъэр зэуэ кьахутэ, абы еІэзэнми нэхъ пасэу иужь ихьа мэхъу. Щэджэ эм районым сымаджэщым зэ узыфэхэм щеІэзэ и кьудамэм мы куейм щыпсэуХэм я мызакъуэу, республикэм и адрей жылагъуэхэм кьикІхэми медицинэ Іуэхутхьэбзэр нэсу щагъэутынущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Аруан куей

# УсакІуэм и фэеплъ еджэныгъэхэр

**Аруан куей библиотекэм щекІуэкІащ «Кулиев Къайсын и творчествэм еХьэІа еджэныгъэхэр» зыфІащ районпсо зэхьэзэхуэ. «Си бзэ - си псэ, си дуней» фІэщыгъэм щІэту ди республикэм щекІуэкІ зэнгуэм ящыщ итщ1 къаГэта мы Іуэхум ХьэрэмІ Аруан щІыналъэм и курыт школхэм я еджакІуэ 50-м нэс.**

БАЛЪКЪЭР усакІуэшхуэ Кулиев Къайсын и Іэдакъэ къыщІэкІащ Къулшэ урысыбзэкІэ зэрадзэкІахэм къадэкІуэу, мы махуэм утыку къыщыІуащ адыгэ, урыс усакІуэ куэдым я сатыр куп-щафІэхэр. Іыхьитіу гущІэгъуэ екІуэкІа зэхьэзэхуэм фІыкІэ я цІэ къыщраГуащ урысыбзэкІэ зэх ХьэрэмІ Нарткъалэ дэт курыт школ №4-м щІэс Зэмей Сэмэн, Сибэч Алим (Чернэ Речкэ), Къумыкъу Карин, КІэрэф Заремэ (Джэрэмэныкъ) сымэ. АдыгэбзэкІэ уз хьеджахэм ящыщу фІы и фІыжхэм хабжащ Гулэжьи Анзор, Жэмыхъуэ Марьянэ (Къохьэн дэт 1-нэ курыт еджапІэ), Хужьокъуэ Милэ (ЩІэрэдж Ищхьэрэ) сымэ.

**ЛЪОСТЭН Муэ.**

●Футбол

# Ялэ зыгъэсэгъуэр зэфІэкІащ

**2011 гъэм Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм щекІуэкІыну зэхьэзэхуэм зыхуигъэхьэзыру «Спартак-Налшыкыр» дыгъэгъаззэм и 5 - 18 маху зхэм Тырыкъуэ щыІащ.**

МЫГЪЭРЕЙ зэхьэзэхуэм хэтауэ адэкІи ди командэм щыджэгуну зэгурыІуэныгъэ зиІэхэр загъэпсэхуну яутІыпщи, «Спартак-Налшыкым» и тренерхэм Тырыкъуэ здашащ етІанэнтъэ зыхагъэхьэн мурадкІэ зыкІэльыпльыну футболист 40-м нэблагъэ. Аращ къызыхэкІари, зыгъэсэныгъэм къыдэкІуэу, зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ зыбжанэ ирагъэкІуэкІынри. Дауи, ди командэм ахэр щагъуэу кьежьуІакъым.

Дыгъэгъаззэм и 9-м налшыкдзэхэр яІущІащ Европэм и лигэм щрагъэкІуэкІыну иужьрей джэгугъуэм зыхуэзэныгъэхэ Киев и «Динамо»-м. Шевченкэ Андрей, Шовковский Александр, Милевский Артём сымэ зи пашэ Хьарианэм и командэ щІэрыІуэм «Спартак-Налшыкым» хагъэхьэн папщІэ зэхуащхьэхэм зыри пагъэувыфакъым икІи 0:4-уэ къыхагъэщІащ.

Тырыкъм кьикІыжьын и пэкІэ ди щІалэхэ